

BOARD OF EDUCATION

ARESTA L. JOHNSON, Ed.D.
Superintendent of Schools

City Hall - 45 Lyon Terrace
Bridgeport, Connecticut 06604

MEMBERS OF THE BOARD cont.

MEMBERS OF THE BOARD

JOE LARCHEVEQUE
Chairperson

SAUDA EFIA BARAKA
Vice-Chairperson

JOHN R. WELDON
Secretary



"Changing Futures and Achieving Excellence Together"

HOWARD GARDNER

DENNIS BRADLEY

MARIA PEREIRA

BEN WALKER

ANNETTE SEGARRA-NEGRON

RAFAEL FONSECA JR.

Chè Paran ak Responsab Legal:

Dènyèmman nou te mande ou pou di nou si pitit ou satisfè definisyon "timoun ak jèn imigran." Depatman Edikasyon Eta Connecticut (The Connecticut State Department of Education, CSDE) te mande nou pou rasanble enfòmasyon sa yo.

Kounye a CSDE mandeb nou pou ba ou lòt enfòmasyon ki anba la yo pou eksplike ou demann sa a.

Rezon pou demann lan. CSDE administre yon sibvansyon federal ki bay finansman pou distri lekòl yo pou sèvis edikasyon enpòtan ak sipò pou nouvo elèv imigran yo.

Yon distri lekòl kalifye pou sibvansyon an si li gen yon ogmantasyon enpòtan nan kantite timoun ak jèn imigran ki nan distri a. Dapre lalwa federal, kantite timoun ki satisfè definisyon " timoun ak jèn imigran" detèmine kantite lajan sibvansyon an.

Fason nou itilize Enfòmasyon sa yo. CSDE ap itilize enfòmasyon sa yo sèlman pou detèmine si yon distri lekòl kalifye pou resevwa sibvansyon federal epitou pou detèmine kantite lajan sibvansyon an.

Pa gen Efè sou Enskripsyon Piti Ou nan Lekòl. Pitit ou gen dwa pou ale lekòl kit ou reponn demann sa a kit ou pa reponn li. Si ou chwazi pou reponn demann lan oswa si ou te reponn li deja, repons ou p ap afekte dwa pitit ou pou li ale lekòl

Repons ou bay la ap rete konfidansyèl. Repons ou bay alekri a pwoteje avèk Lwa sou Dwa ak Konfidansyalite Enfòmasyon Prive pou Edikasyon Fanmi (Educational Rights and Privacy Act, FERPA) epi n ap kenbe repons ou konfidansyèl. Nou p ap pibliye li ba piblik la oswa ba lòt ajans gouvènman sof si ou bay konsantman ou alekri oswa si nou resevwa yon sitasyon oswa yon lòd nan yon tribinal ki egzije nou pou divilge repons ou.

Pa gen sanksyon poutèt Ou Pa Reponn. Ou pa gen obligasyon pou reponn epi si ou chwazi pou pa reponn, pa gen sanksyon poutèt sa epitou pitit ou ap toujou kapab ale lekòl.

Si ou gen nenpòt kesyon pou distri lekòl la, tanpri kontakte Janet Brown-Clayton nan (203) 275-1000. Si ou gen nenpòt kesyon pou Eta a, tanpri kontakte Divizyon Afè Legal ak Gouvènman CSDE nan nimewo (860) 713-6520.

Ak tout kè nou,
Janet Brown-Clayton